# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 14 (10435) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2024 сон. 19 март /Талат /


# Данделъабазул залалдаса...



Итникъоялъулаб иргадулаб данделъиялда районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас 65 сон тIубай баркана райадминистрациялъул мулк ракьалъул управлениялъул начальник Лабазан ГIабдулаевасда, гьарана гьесие сахлъи, хьизаналъулаб талихI.

Баркала кьуна ракIбацIцIадго гьабулеб хъулухъалъухъ, тIадаб ишалдехун ва гIадамаздехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ. Районалъул нухмалъулес именинникасе кьуна ХIурматалъул грамота.

Гьелдаса хадуб Руслан ХIамзатовас киназдаго баркана 15-17 марталъ тIоритIарал рищиязда Россиялъул Президентлъун Владимир Владимирович Путин вищи.

-Нилъер халкъалъул гьесдехун бугебги, гьесул нилъер районалдехун бугебги бербалагьи бихьун, абизе бегьула, иргадулаб нухалъ Президентлъун вищарав В.В. Путин нилъер районалъулги вакил вугилан. ТIадегIанаб даражаялда, берцинго тIоритIарал рищиязухъ кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго бакIалъулаб рищиязул комиссиялъе, росабалъ рищиязул участкабазда хIалхьиги макьуги тун хIалтIарал киназего. ХIакъикъаталдаги, нилъер районалда рищиял лъикIаб гIуцIцIигун, гIадлу-низамалда, мустахIикъго тIоритIана. Рищиязул участкабазда бугеб рохалилаб ахIвал-хIал цо нухалъ гуро республикаялъул телевидениялъги бихьизабураб.

Киназего кIудияб баркала,-янги абуна районалъул нухмалъулес.

Гьебго данделъиялда Руслан ХIамзатовас рехсей гьабуна гьаб анкьалъ нилъер районалде рачIине ругел МухIамад аварагасул ﷺ асаразулги. Гьес абуна:

-Нилъеда лъазеги ва нилъеца хIисабалде босизеги ккола, гьел асарал церелъурал къоязда жанир нилъехъе вачIине вуго, гIага-шагарго, къоазарго гIанасев чи. Гьеб буго халкъалъул кигIанги кIудияб къадар. РачIине руго республикаялдаса гуребги, Россиялъул батIи-батIиял регионаздасаги гIадамал. Нилъеда тIадаб иш-мустахIикъаб хIалалъ киналго гьел къабул гьари.

Гьоркьосан къотIичIого унел руго хIалтIаби, районалда тIоритIулел киналго тадбиралго гIадин, жиндиль баракатги рахIматги бугеб гьаб тадбирги тIадегIанаб даражаялда, киналго разияб хIалалда тIобитIиялъе,-ян. Гьелда хурхун, арбагI къоялъ рагIинабуна районалда гIаммаб субботникги.

Данделъиялъул ахиралда, ДЮСШялъул нухмалъулев МухIамадхIажи МухIамадхIажиевас бицана, Табасараналъул командаялда тIад 2:0 хIасилгун бергьенлъиги босун, нилъер районалъул, 2010-2011 соназ гьарурал гIолилазул командаялъ, волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI ккунилан. Гьел спортсменал кIодо гьариялъе хIалтIи гьабулеб бугиланги абуна гьес.

# БАРКИ



***ГIагарлъиялъ ва гьудулгьалмагъзабаз, гьединго редакциялъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъ баркулеб буго ТIасутIа росдал ичIго сонил школалъул учитель МухIамадбегов МухIамад ГIалиевичасда гьесие «Почетный работник сферы образования Российской Федерации» абураб тIадегIанаб цIар кьей ва гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, икъбал ва хIалтIулъ цIия-цIиял бергьенлъаби.***

# Улкаялъул бетIер вищана



***ГIалам рищиязде буго къокъунеб,***
***Улкаялъе бетIер вуго вищулев.***
***Щивасул гьурмада гвангъараб гьими,***
***Цолъи гьезулъ букIин буго бихьулеб.***

15 марталъ, радал сагIат микьгоялда, улкаялдаго гIадин, нилъер районалдаги рагьана, лъабго къоялъ халат бахьараб рищиязулаб тадбиралъул 44 участок, гьездасан 11-гьутабазул ракьазда.

ГIадлу-низамалда рищиял тIоритIизе гьабун букIана лъикIаб хIадурлъи: 287 комиссиялъул гIахьалчи, 90 халкъиял хадучагIи, бакI-бакIазда ОМВДялъул хIалтIухъаби.

Рищиязул къояллъун лъабго къо бихьизабуниги, тIоцебесеб къоялъго гIадамаз бихьизабуна кIудияб чIаголъи. Кинанха арал районалда рищиял?!

Халкъалъул церехъабаз берцин гьабуна рищиязулъ гIахьаллъи. Гьединан, районалъул нухмалъулез: районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад ПатхIулаевас, районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас хьизанлъималгун, АхIмад МухIамадовас хьизан, РГВКялъул миллиял передачабазул шеф-редактор Хатимат МухIамадовагун, администрациялъул аппараталъул нухмалъулев Дибир Манаповас жиндирго хьизангун ва цогидалги идарабазул нухмалъулезгун коллективаз улкаялъул бетIер вищулеб рищиязулъ къучI лъуна. Кьун чIечIо районалъул гIадамалги.

**(Ахир 4-аб. гьум.)**

Ахириял лъугьа-бахъинал...

# МигIарсо-рохалилаб тадбир

МигIарсо росулъ рагьана 100 лъимералъе бакI бугеб цIияб ясли-ах. Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул ХIукуматалъул бетIерасул заместитель Ризван ГъазимухIамадов, районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатов, гьесул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазанов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад ПатхIулаев, ДРялъул гIелмуялъулгун-лъаялъул Министрасул заместитель ХIажимурад МухIамадов ва росдал агьлу-жамагIат.

Районалъул бетIерас баркана росдае кIвар бугеб лъугьа-бахъин, ай садик рагьи ва баркала загьир гьабуна гьелъулъ гIахьаллъарав щивасе.

-Гьаб ясли-ахалъ рес кьезе буго росдал лъималазе церетIеялъе, лъай щвеялъе. Цебеккун ясли-ах букIинчIеб росдае, гьеб ккола кIудияб рохалил хIужа,-ян абуна районалъул бетIерас.

Баркиялъул кIалъай гьабуна Ризван ГъазимухIамадовас, МухIамад ПатхIулаевас, ХIажимурад МухIамадовас. Росдал рахъалъан баркала загьир гьабуна гIурус мацIалъул мугIалим Жамиля ХIамзатовалъ.

Концерталъулаб программагун цере рахьана районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби, ай хореографическияб ансамбль «Ботлих» ва «Родничок» ясли-ахалъул гьитIичал.




30 чиясе хIалтIиги бугеб, щуго группа лъималазул гIуцIиялде ишанги лъураб, гьанжесел тIалабазда рекъон бараб кIитIалаяб «Ручеёк» ясли-ах хIалтIизе хIадурун жаналда буго.

# АсхIабовалъухъе зиярат



«Единая Россия» партиялъул член, хIурматалъулаб ригьалъул гIаданалда гьаюраб къо баркана гьелъухъе гьабураб зияраталдалъун районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас.

Гьей ккола, гIумруго пачалихъияб хIалтIиялъе кьурай, ПатIимат АсхIабова, Улкаялъул рикIкIен гIемерал шапакъатазеги мустахIикълъарай.

Гьединаздасан ккола: «За трудовое отличие», «Ветеран труда» гIадал медалал, ва «ДРялъул муниципалияб хIалтIул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб тIадегIанаб цIар.

Къиматаб сайгъатги, тIугьдузул квацIиги гIумрудул 88 абилеб соналда районалъул бетIерасухъан щвей, гьелъул захIматалъулги, жавабчилъиялъулги, район цебетIезе гьабураб хIалтIиялъулги къимат гьабиялъе нугIлъунги ккола.

Гьединго Руслан ХIамзатовас «Единая Россия» партиялъул Советалъул генералияв секретарь Андрей Турчакил баркиялъулаб рисалатги щвезе гьабуна ПатIиматихъе. Район цебетIеялъе, жиндир гIумрудул 50 сон кьурай , захIматалъул ветеран, кутакалда разиго хутIана гьалбадеридасаги, гьезул бербалагьиялдасаги.

# Васасул орден инсул каранда

СВОялъул гIахьалчи, Гъодобери росулъа МухIамад МухIамадов шагьидлъун хадуб, «За мужество» абураб орден кьуна гьесул эмен ГIумар МухIамадовасухъе.

МухIамад 2022 соналда мобилизациялъ ахIун ана хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе. 2023 соналъул ноябралда тIадкъараб хъулухъ тIубазабулаго къадаралдеги щвана.

Улкаялъул бетIерасул амруялдалъун бахIарчилъиялъухъ ва ВатIаналда цебе къохIехьеялдалъун тIубараб налъиялъухъ МухIамад вихьизавуна бахIарчилъиялъулаб орденалъе.

Районалъул бетIерас, МухIамадил инсуда зигараги гьабулаго, лъикIав вас куцаралъухъ баркалаги кьолаго, рагIалдеги бахьана президентасул амру.



# Медалалъе мустахIикълъана

Украиналда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бахIарчилъиялъул мисал бихьизабулеб буго нилъер районалъул гIолохъабаз.

Гьаб нухалда, гьединаб гьунаралъухъ «За храбрость» абураб II абилеб даражаялъулаб медалалъе Улкаялда цеве мустахIикълъана ТIасутIа росулъа Арсен



ГIалибегов.

ГIемерал гьужумазулъ гIахьаллъи гьабурав, тIоцересел къояздасаго рагъулаб майданалда вугев Арсеница ракIбацIцIадго, кьвакIиялдалъун борхулебги буго ВатIаналда цебе бугеб тIадаб налъи. 136 абилеб мотострелковияб бригадаялъул командирасул заместитель ГIалибегов тушбабаздаса ракьал эркен гьарулел гьужумазулъ магIаруласе хасиятаб лебаллъиялдалъун къеркьола ва рагъухъабазе бахIарчилъиялъул мисалги бихьизабула.

Жакъа кьоялда Арсеница рагъулаб хъулухъ тIубалеб буго Запорожскияб областалда.

# Росдал чемпионат

16 марталда АнсалтIа росулъ «АнсалтIа Арена» стадионалда тIобитIана росдал гьоркьохъеб школалъул командабазда гьоркьоб футболалъулаб турнир.

Микьго командаялъ гIахьаллъи гьабураб, ункъго моцIалъ халат бахъараб лигаялъул ахиралда тIатана тIаса рищарал командабазул хаслъиги, футбол хIазе бугеб гьунарги.

ТIоцебесеб бакI босана «Мир» командаялъ, кIиабилеб бакI «Колода» командаялъе щвана, лъабабилеб бакIалде бачIана "Дагъистан" команда.

Гьезие кьуна кубокал, медалал ва дипломал, рекъон ккарал даражабазул. Гьединго гIарцулал шапакъаталги кьуна.



Цо-цо футболистал мустахIкълъана спонсоразул рахъалдасан шапакъатазеги.

ГIуцIарухъабазул рагIабазда рекъон, лига тIобитIун буго тIадегIанаб даражаялда.

-Гьадинал тадбираз кIудияб рес кьола гIун бачIунеб гIел битIараб нухалде тIобитIизеги квешлъиялдаса нахъ чIвазеги. Баркала буго росдаего лъикIаб гIахьаллъиялъухъги,-ян жидерго разилъи загьир гьабуна турниралъул гIуцIарухъабаз.

# Салат-салам дуде, я Каримуллагь ﷺ

*Аварагасул ﷺ асарал Болъихъе рачIунел ругин лъазабураб къоялдаса нахъе, районалда тIадбан унел руго хIадурлъиялъулал хIалтIаби.Районалъего берцинлъи кьурал гьел хиса-басиязда берчIвазе сордойилго къватIире рахъуна чIахIиялгун гIисинал.*
*БакI-бакIазда паркъолел исламалъул байрахъазги, ХIабибасде ﷺ бугеб рокьул жугьаби тIад хъварал игIланазги щивав чиясул ракI цIалеб буго асаралгун рачIунел машинабазда дандчIвай гьабизе.*
*ГIадамазул ракIал духъ гIашикъ руго, я Русулуллагь.*






*Хириязул къутIбу, тIолгоязул нур,*
*Салат-салам дуде, я Каримуллагь!*
*Камилазул асил, русулазул хан,*
*Салат-салам дуде, я Набиюллагь!*

*ГIилмуялъул бахIру, хIилмудул ралъад,*
*Салат-салам дуде, Я РахIматуллагь!*
*ХIикматазул керен, кашфуялъул ракI,*
*Салат-салам дуде, я ХIафияллагь.*

*ХIасрат бергьаразе шафагIат щолев,*
*Салат-салам дуде, я Сафияллагь!*
*Салат битIарасе баракат хIакъав,*
*Салат-салам дуде я Нажияллагь!*

*Дин бокьарал васал силкалда ххолев,*
*Салат-салам дуде, я ГIалималлагь!*
*ГIазабалъе хIакъал тархъан гьарулев,*
*Салат-салам дуде, я Аминаллагь!*

*Аман гьарун щварав пашманлъуларев,*
*Салат-салам дуде, я Калимуллагь!*
*Кумек хIажатазе хIадурлъи цIакъав,*
*Салат-салам дуде, я СиратIуллагь!*

**ЧIикIаса СагIид-Афанди.**







Гьудуллъи

**Газета гIуцIараб:**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель:**

Администрация Муниципального района «Ботлихский район»

**Директорасул ва редакторасул ишал тIуралев**

А. ГI. Агъларов

**Мухбирзаби:**

ГI. МухIамадова

ГI. ГIисакъов

М. МухIамадова

ХI. ХIасанхIажиев

**Фотокорреспондентал:**

К. Камилов

Ш. МуртазагIалиев

**Корректор**

П.МухIамадова

**Наборщица**

П. Эльдарова

**Дизайнер**

С. Камилова

*Редакциялъул адрес: (издателасул)*

Индекс: 368971. ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

*Телефон: Директорасул 8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*

*Тираж -999 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

*Багьа эркенаб*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 0038I

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

# Улкаялъул бетIер вищана



(Авал 1-аб.гьум.)

Кванхидалъ росдал школалда магIарул мацIалъул мугIалимлъун хIалтIулев вугев ДРялъул мустахIикъав учитель, 77 сон



барав Лабазан Къурбановас лъикIаб насихIатги гьабулаго кьуна мустахIикъасе жиндирго гьарак «Нилъ ургъизе ккола нилъер букIинеселда, нилъер лъималазда. Гьединлъидал, жавабияб букIине ккола бербалагьиги ВатIаналда цебе тIадаб налъиялдехун-ян абуна гьес.

АнсалтIа росдал школалъул директор Лабазан Лабазановасги, жиндирго коллективгун тIадаб борч борхана, «Нилъерго ихтиялдаса пайда босизе ккола, ихтияразул цояблъунги ккола гьарак кьезеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги бугеб рес»-ян абуна гьес мустахIикъасе гьаракьги кьолаго.

«Родничок» ясли-ахалъул коллектив рищиязде бачIана жидерго гьитIичалгун «Лъималазда бицун гуреб, бихьизабизеги ккола. Гьале жакъа нижецаги гьезда бихьизабулебги буго, улкаялъул жавабчилъи щивасда тIад букIин,-ян абуна ясли-ахалъул нухмалъулей ПатIимат ИзмагIиловалъ.

Гьединабго тарбия кьеялъулаб букIана рищияздехун бугеб жавабчилъи городокалда бугеб школалдаги. Байбихьул классазул мугIалим Анна Валентиновна цIалдохъабигун ячIана участокалде.

«Бице-кIочена, бихьизабе ракIалда чIела, гьабизе биччайбичIчIина» абураб абиялда рекъараб букIана мугIалималъул бичIчIикьеялъулаб дарс.

Комиссиялъул гIахьалчи Олег Олмаджяница экскурсияги гIуцIана лъималазе, бицана ва бихьизабуна рищиял тIоритIиялъул низамги.

Улкаялъул букIинеселъул ургъелги тIаде босулаго, гали лъуна гIумрудул 18-лъе АнсалтIа росулъа Загьират Рапиевалъ.

Гьавураб къо рищиязда кIодо гьабуна комиссиялъул гIахьалчи Анварбег Гъазиевас.

90 сон тIубарай Болъихъ росулъа ПатIиматицаги рищиял гьоркьор риччачIо.

«Киданиги рищиязул къо борчIизе течIо. Кидаго гьаракьги кьола дица мустахIикъавлъун ккарасе. Гьаб нухалъги дица ясалдасан тIалаб гьабуна рищиязде дун ячине кколин. РухI бугебгIан мехалъ гьедин гьабизеги буго»-ян абуна гьелъ.

Рищиязде рачIине рес рекъечIезухъе: сахлъиялда, херлъиялда бан, рикIкIалъиялда бан, ай вехьлъи, тезе рес гьечIеб хIалтIи бугел, гьединазухъе комиссиялъул гIахьалчагIазул хасал вакилзабиги рукIана ритIулел.

Кьерун чIечIо аскариялги.

МустахIикъасе гьаракь кьезе чIагояб гIахьаллъи гьабуна гьезги. «Жакъа нилъер ихтияр гьечIо кьерун чIезе. Къуватал ва жавабиял гIадамаз гьабула Улкаго къуватаблъун. Гьеб гIиллаялдалъун жавабчилъиялда тIубалеб буго дицаги дир хъизаналъги ВатIаналда цебе бугеб налъи»,-ян абуна капитан Вотетиница.

Гьединго жидерго гьаракьал кьуна хIухьбахъиялда рокьор ругел СВОялъул рагъухъабазги.



«Нижеца кидаго рахъ кквезе буго Улкаялда ХIинкъигьечIолъиялъе гьабулеб хIалтIул, букIа гьеб рагъудалъун, букIа рищияздалъ-



ун. Гьелъ кIудияб ресги кьола тылалдаги, рокъобги, рахIатги, хIалхьиги, хIинкъигьечIолъиги цIунизе. ВатIаналъул эркенлъи, гьеле нижер мурад, гьелъие буго дир гьаракьги»-ян абуна СВОялъул гIахьалчи ТIандо росулъа Идрис АхIмадулаевас.

Рищиял ана районалдаги улкаялдаго тIибитIараб кIудияб чIаголъиялда: кьурди, кечI, кополаб сверухъалъи.

**З. МухIамадова**



## ЦIадулаб балагьалдасаги цIунила, ургъалил цIаялдасаги цIунила




ГIанди росдал пожарныяб часталъул хIалтIухъабаз кIудияб гIахьаллъи гьабуна Улкаялъул бетIер вищулел рищиязулъ. РукIана гьезул хIалтIухъаби гьарак рехулезулъги, ГIандибгун Гъагъалъ росабазул рищиязулал комиссиязул гIахьалчагIазулъги.

63 абилеб Пожарныяб часталъул цIа свинабулеб машинаялъул шофер Закаев ХIажимурадица тIубалеб букIана рищиязулаб комиссиязул 0158 участкалъул председателасул заместителасул иш.

КIиабилеб отделениялъул командир Соломанов Арзулум вукIана комиссиялъул гIахьалчи, гьес гIахьаллъи гьабуна «Информ ЦИК» абураб программаялъулъги.

Рищиязул комиссиялъулъ гIахьаллъи гьабуна гьединго шофер Сайпудин Темирсултановас ва отделениялъул командир М. Асламхановасги. Гьединго гьез гIахьаллъи гьабуна Улкаялъул бетIер вищизе тIоритIулел рищиялде ин, щивав чиясул тIадаб борч букIин бичIчIикьеялъулаб хIалтIиялъулъги.